## Traduction du discours

Thi Tourou Kourel bi niouye woyé association Morgane nio ngi woné sounou mbégte thi téwaye bi di oubite nieulben pathie daara ji.

Thi janvier 2003 niari atte ganawbi Morgane, sounou dom, gagno la niou ame yene aggalé linga khamentené modone mbébéteum. Lolou mo anndi sounou leukeulo ak ASEM ak Dagana. Boba xamouniou wonné fou niou narone yeme ak fou niou lii narra dieumé. Wayé niorto wone naniouné sounou farlou dinaniou yobou fou soré.

Motoul nieti atte niou paré tabakh bereb ni nga khamné thi la gnouye tagatté dianngalékate yi (centre de formation) té itame mou di peyou ASEM. ASEM minga khamné takhawaye am reretoul kene thi reuwi. Paré woul lii di centre de formation bi, Association Morgane dioublou ci niarel pathie bou mou leukeulo wone ak ASEM, mouye tabakh école ngir bolé kok centre bi. Thi worse guoguou kourel bouniou toudé Association Réunion-Dagana niow féquessiniou ani dolé am ak dioumtou kaye am. Niou ame it diapalé wa pégue lole. Nio ngui léne di ci guereum bou bakh téye.

Waye nak lolou yeupe bou meuné ame da fa fekke Ministère bi ngangke diangalebi ak niou kofitéwal ak kominebi, ak gni fi deuk, gni fi ame batou pale ak itame takhawaye bou meute seuk kourel parents d'élèves, ak kourel bi niouye wowé Association Xarito-Dagana mi nga waméné mo amé wone ligguey bi yeup fi thi Dagana, ak farlou ligguey kate yi ande bolo, dougal séne xamxam ak séni lokho ngir dieumeulé ligguey bi kanam.

Reuré wougnou mbir né bou niou mouné ame école bi thiwettou centre de formation bi daffa fekke nieup anda ci, woné séne takkou, yombal lou bari.

Nio ngui geureume nieup thi séne takha waye.

Boba ak légui atte bou nekke niari classe takhaw ba téye classe yeup motte. Téye école bi meune démal boppame. Thi diggueune té bi centre Morgane modonne aballé aye sallame. Lollou yombal mbir mi mole ba takh meune meune Association Morgane méngok sokhle pégue bi thi wale dale bess.

Leggui nak ligguey bi dessna. Sou niou beugué ligne thi sentou niou ame ko dess na niari pathie you mou wora andal :maname daray touti tank yi (maternelle) ak salle bou niouye wouyé salle polyvalente bi nga xamné xaleyi ak mak nieup a koy bokk dieufeuniko.

Neusseur wala beugue beugue Association Morgane thi atte yiidi nieuwe moye doli diapalé bi mou done diapalé soumbe bi, thi li ko dolem di méye, n'gir mou meune eumbeu sokhle bereb yi niou nekke téy. Lolou tamit moy beugue beugue 700 mbindef wala kourel gnouye yeungueutou thi biir Association Morgane di diokhé séne dolé ak séne allal balou ni mel di meune ame. Waye nak diafé diafé adounabi leggui takhe ne niou wore gueuneu takkou ndakhte bou de milliard yomba na thi nieme gni nonou le million CFA diaffé ci niénéne.

Lii yeupe niou soumba bou paré dafaye dellou watte nekke allalou deuke bi. Nio ngui niane yalla na gaw. Nieup ank thi ligguey.

Takhawaye Association Morgane, andak wa deuk bi, yémoul rek thi tabakh aye mir. Li niou gueuneu sokhal moye yeunguetou walla noundine bi ame thibiir thi wala formation ak thi wala nianga bi, ba takhna lou ASEM yeukeuti

niou dieum si dougal sou niouye lokho. Lolou mo andi thi werou août niou nanngou diapalé directeur école bi, te di gnitte ASEM, thi colonie de vacances bi fi amone. Nio ngui bayi khel ci louye dokhla cyber bi ak leukeu lomak li doxal école bi ak sokhla wa pegue bi.

Sounou ndimal dina dem it thi tabakhou centre documentation bi, ndieunndoum libres ak blouses dieum thi xaleyi déme college réne.

Association Morgane dina bayi khel ci lii niou lime fi yeupe te takhaw ngir anda thiek yéne ndakh yéne ako tane, moudi seni mbebet, di séne soumbe, di séne sokhla.

Nioune lolou moye sounou guiss-guissthi leukeulo Nord-Sud (beut ganar ak beut saloum) réwi borom doléyi ak réwi new gni doléyi. Maname anda bokhamné kendou xep sa morome, kou nekke fonque samorome thi adame ak thiossane am. Niou bokke bene berebou wakhtane bi nga khaméné xalat bougne fe teunke nieurigne batakhe. 400 (gninti, temere atte) takhoul lolou ame waye nioune sounou dieuf dimbalanté moko soss dou lénéne.

Tey dji nak nioune nieup siggui naniou thi lii niou anda defanndo.

Xame na niou bou bakhné li école FREINET ame thi dionngante xaleyi dieguina li gnou yakarone. Lolou bou ame ladie na niou diadieufeul mbolo diangalekat té di ci djital séne kilifa.

Daara diou méle ni moye sigguil sounou dom Morgane, sigguil borom xam-xam bobou niouye woye Célestin FREINET. Daara jo xamné dey oubekou ci nieup, amoul xadiak séne, ak dine bomounte bokk ak khette walla wasso bomounte bokk, té nga xamné takhawayou soumbe dianngalème moy diokhe le xam-xam bou selle dieum thi yellef ak warref thi sa rew.

Lolou dafa fekessi lii Président Abdoulaye WADE waxone thi forum mondiale Unesco sur l'éducation bi amone thi ndakarou. 26 thi werou avril 2000 : « Fekhe Ba nianngalemi def domi rewmi mou mbenguok diamonome moumeune thi doune nimeko nekhe. Thi nonou da niou warra teugue ndawi tey ngir niou nekk aye nittou diamano euleuk ».

Merci

Diareudieuf.